

## Patient Education

---

Enstriksyon pou egzeyat timoun ki gen maladi kowonaviris 2019 (COVID-19)

You must carefully read the "Consumer Information Use and Disclaimer" below in order to understand and correctly use this information

Apwopo sijè sa a


Yon lòt non yo konn bay maladi kowonaviris 2019 se COVID-19. Se yon maladi viral ki enfekte poumon yo. Se yon viris yo rele kowonaviris ki mache ak SARS (SARS-CoV-2) ki lakòz li.

Leplisouvan, sentòm ki mache ak COVID-19 yo kòmanse kèk jou apre ou pran enfeksyon an. Kèk moun pran plis tan pou kòmanse gen sentòm. Gen lòt moun ki pa janm gen sentòm enfeksyon. Pitit ou ka gen tous, li ka gen lafyèv, li ka gen frison ak tranblad, e li ka gen difikilte pou respire. Pitit ou ka santi l fatige anpil epi li ka gen doulè nan mis, tèt fè mal oswa malgòj. Gen timoun ki gen lestomak deranje oubyen dyare. Gen lòt moun ki vin pa ka pran sant ni gou. Tibebe yo ka gen difikilte pou yo manje. Gen kèk timoun ki gen COVID-19 ki vin gen tach wouj-vyolèt sou dwèt yo ak zòtèy yo. Pitit ou ka pa gen tout sentòm sa yo anmenmtan, lèfini yo gendwa ale vini pandan li malad.

Yon moun ki gen enfeksyon an ka gaye viris la fasil atravè ti gout l ap voye lè l ap pale, lè l ap estènen oswa lè l ap touse. Yon moun yo ka bay lòt moun viris la lè l ap pale toupre yo, lè l ap chante, lè l ap bay yo akolad, lè l ap pataje manje avèk yo oswa lè l ap bay yo lamèn. Epi tou, mikwòb yo rete an vi sou sifas tankou tab, pwaye pòt ak telefòn. Sa vle di lòt moun ka tonbe malad si yo manyen yon sifas ki gen viris la sou li, lèfini yo manyen figi yo annapre. Doktè yo panse moun ka gaye enfeksyon an menm lè yo pa gen okenn sentòm, byenke yo pa konnen ki jan sa fèt. Se pou rezon sa a separe moun yo se youn nan pi bon mwayen pou ralanti fason viris la ap gaye.


Gen timoun ki gen COVID-19 san yo pa soufri twòp e fanmi yo ka pran swen yo lakay yo jiskaske yo refè. Gen lòt moun ki ka bezwen entènè lopital si yo malad anpil. Kèk timoun gen yon enflamasyon nan tout kò yo tou. Timoun ki gen COVID-19 dwe izole pou yo pa gen kontak ak lòt moun. Yo ka retounen bò kote lòt moun kou doktè yo fè yo konnen yo ka fè sa san danje.

## Lavaj men



Fwote pandan  
20 segonn

## Dezenfeksyon men



Ki swen y ap bezwen bay lakay?

- Mande doktè w ki sa w ap bezwen fè lè w retounen lakay ou. Pa ezite poze doktè a kesyon si l di kèk bagay ou pa fin konprann.
- Fè pitit ou bwè anpil dlo, ji oswa bouyon pou ranplase likid li pèdi yo akòz lafyèv la.
- Ou gendwa sèvi ak yon imidifikatè ki voye vapè frèt nan chanm pitit ou pou soulaje nen bouche a ak tous la.
- Timoun ki pi gran yo ka kage tèt yo sou de twa zorye lè yo kouche pou respire e pou dòmi pi fasil. Sa gendwa ede yo respire e dòmi pi fasil.
- Pa fimen bò kote pitit ou.
- Pou gen mwens chans pou gaye enfeksyon an bay lòt moun:
  - Timoun ki gen plis pase 2 an yo ta dwe **mete yon kach-nen si yo bò kote lòt moun** ki pa malad. Kach-nen ki fèt an twal yo pi efikas si yo gen plizyè kouch twal sou yo.
  - Ede pitit ou lave men l souvan.
  - Fè pitit ou rete lakay li nan yon chanm apa epi anpeche l rete bò kote lòt moun. Limite kantite moun k ap pran swen l. Soti lakay ou ak pitit ou pou li jwenn swen medikal sèlman.
  - Sèvi ak yon twalèt apa, si sa posib.
  - Pa itilize menm asyèt, fouchèt, kiyè, kouto, dra ak kouvèti pou kabann, sèvyèt ak aparèy elektwonik ak lòt moun.
  - Siye objè moun manyen souvan yo ak yon dezenfektan. Kèk nan bagay sa yo se pwaye pòt, switch limyè, telekòmand, telefòn, klavye, sifas kote ou prepare manje yo ak tab.
  - Evite gen kontak ak ti bèt kay la.
  - Evite resevwa moun lakay ou.

Ki suivi y ap bezwen bay?

- Doktè w gendwa mande w mennen pitit ou nan biwo li pou l ka suiv eta li. Pinga w manke randevou sa yo. Veye pou ni ou menm ni pitit ou yo ki gen plis pase 2 an mete yon kach-nen lè n ale kay doktè.
- Si sa posib, fè pèsònèl medikal la konnen davans pitit ou gen COVID-19 pou yo ka pran plis prekosyon pou anpeche maladi a gaye. Yo gendwa mete w nan yon chanm apa oswa mande w tann nan machin ou jiskaske yo rele w.
- Pitit ou ka bezwen plizyè semèn pou sante li vin nòmal ankò.

Ki medikaman ki gendwa nesèsè?

Doktè a gendwa mande medikaman pou:

- Soulaje lafyèv la

Èske aktivite fizik yo ap vin limite?

Pitit ou ka gen pou l limite aktivite fizik li. Mande doktè a ki kantite aktivite ki bon pou pitit ou. Si COVID-19 te fè pitit ou malad anpil, li ka bezwen yon bon ti tan pou rejwenn tout fòs li.

Èske y ap bezwen bay lòt kalite swen?

Doktè yo pa konnen pandan konbyen tan yon moun ka gaye viris la bay lòt moun apre li malad. Se poutèt sa li enpòtan pou fè pitit ou rete nan yon chanm apa lè li malad. Pou kounye a, doktè yo bay kèk enstriksyon jeneral pou w suiv apre pitit ou malad. Anvan pitit ou ale bò kote lòt moun, li ta dwe:

- Pa gen lafyèv depi 3 jou san se pa medikaman li te pran pou desann lafyèv la
- Pa gen sentòm tous ni souf kout
- Tann omwen 10 jou apre jou li te kòmanse gen premye sentòm yo oswa apre li te jwenn yon rezilta pozitif nan tès la, lèfini li pa dwe gen okenn sentòm ankò, jan sa esplike anwo a. Gen kèk espesyalis ki sijere tann 14 jou.

Pafwa, doktè yo vle pou li jwenn rezilta negatif nan 2 tès COVID-19 ki fèt nan 2 jou diferan. Epitou, doktè yo pa konnen si gen chans pou moun pran viris la ankò.

Ki pwoblèm ki gendwa parèt?

- Pèdi likid. Yo rele sa dezidratasyon.
- Domaj akoutèm oswa alontèm nan poumon yo
- Pwoblèm kè
- Lanmò

Ki sa w ka fè pou anpeche pwoblèm sante sa a rive?

- Mete yon kach-nen oswa yon lòt bagay pou kouvri figi w ki gen plizyè kouch twal sou li si w gen plis pase dezan:
  - Lè w soti lakay ou. Li pi bon pou w rete lakay ou toutotan sa posib. Soti pou al chèche manje oswa medikaman sèlman. Si pitit ou oblije pase tan bò kote lòt moun, eseye fè l kenbe yon distans omwen 6 pye (1,8 mètr) ak yo.
  - Si w gen maladi COVID-19, lèfini ou oblije rete nan menm chanm ak lòt moun. Li pi bon pou w rete nan yon chanm apa lè ou gen COVID-19
  - Lè w ap pran swen yon moun ki gen COVID-19 lakay ou. Epitou, li ka bon si w mete gan tou.
  - Si w gen sentòm COVID-19, lèfini toujou gen lòt moun bò kote w, li pi bon si w rete nan yon chanm apa.
  - Si gen anpil chans pou w pran COVID-19, lèfini toujou gen lòt moun bò kote w.

- Lave men w ak men pitit ou kou nou toule de retire kach-nen nou oswa sa ki kouvri figi nou. Fè pitit ou sonje pou l pa manyen je li, nen li oswa bouch li pandan li gen kach-nen l sou li. Sa enpòtan tou lè l ap retire kach-nen li.
- Se pou li pran kach-nen an nan ti bann pou tache l la sèlman. Lave l tousuit kou li fin sèvi avè l oswa jete l si se yon kach-nen ou sipoze jete.
- Aprann pitit ou lave men l kòmsadwa. Lave men l **souvan** avèk dlo ak savon pandan omwen 20 segonn, sitou apre li fin touse oswa estènen. Dezenfektan pou men ki gen omwen 60 pousan alkòl ladan yo bon tou pou touye viris la. Fwote men yo avèk dezenfektan an pandan omwen 20 segonn.
- Evite kote ki chaje ak moun. Evite zòn kote timoun ap jwe epi pa planifye pou l al jwe ak lòt timoun. Eseye rete lakay ou toutotan sa posib. Gen anpil chans pou yon reyinyon ki fèt deyò gen mwens risk pase yon reyinyon ki fèt anndan.
- Si pitit ou oblije rete ak yon gwoup moun, aprann li ki jan pou l pratike distansyasyon sosyal. Eseye kenbe yon distans omwen 6 pye (1,8 mètr) ak lòt moun. Evite bay moun lamèn, akolad oswa papach. Li ta dwe evite manyen figi l e li ta dwe lave men l souvan.
- Aprann pitit ou pou l kouvri bouch li ak nen li ak yon mouchwa lè l ap touse oswa estènen. Li ka touse nan koud li tou. Mande l toujou jete mouchwa yo nan bwat fatra epi lave men li apre li fin sèvi ak yon mouchwa.

Ki lè mwen bezwen rele doktè a?

- Sentòm enfeksyon. Kèk ladan yo se lafyèv ki rive oswa ki depase 100,4°F (38°C), frison, tous, plis kracha oubyen chanjman nan koulè kracha a.
- Respirasyon an vin pi mal: li pi difisil oswa li pi rapid pase jan l te konn ye anvan an, oswa pitit ou jwenn mwens lè
- Difikilte pou respire lè li kouche sou do l
- Pitit ou oblije panche devan pou respire pi fasil lè li chita
- Pitit ou vin gen tach wouj-vyolèt sou dwèt li yo ak zòtèy li yo
- Tibebe w gen difikilte pou l manje
- Pwent dwèt yo, zong yo, po a oswa po bouch la chanje koulè

Repete sa w sot tande pou ede w konprann

Metòd refòmilyasyon an ap ede w konprann enfòmasyon nou ba w yo. Apre w fin pale ak pèsònèl medikal la, di yo sa w fèk tande nan pwòp mo pa w. Konsa pèsònèl medikal la pral konnen si yo te di w tout sa ki nesèsè yon fason ki klè. Li bon pou ou tou paske ou ka vin konprann pi byen yon seri bagay ki te gendwa pa klè. Anvan w al lakay ou, asire w ou kapab fè bagay sa yo:

- Mwen ka pale avè w sou pwoblèm sante pitit mwen an.
- Mwen ka di w ki sa ki gendwa fè pitit mwen respire pi byen.

- Mwen ka di w ki bagay mwen ka fè pou pa gaye enfeksyon an bay lòt moun.
- Mwen ka di w ki sa mwen pral fè si pitit mwen gen difikilte pou respire; si li gen dòmi nan je oswa twoublay; oubyen si pwent dwèt li yo, zong li yo, po li oswa po bouch li chanje koulè.

Itilizasyon ak dechaj responsablite konsènan enfòmasyon konsomatè yo:

Enfòmasyon sa yo pa reprezante okenn konsèy medikal an patikilye, epitou yo pa ranplase enfòmasyon ou jwenn nan men pwofesyonèl sante w la. Yo se sèlman yon ti rezime enfòmasyon jeneral. Se PA tout enfòmasyon ki egziste sou kondisyon, maladi, blese, tè, pwosedi, tretman, terapi, enstriksyon pou egzeyat yon pasyan oswa chwa konsènan mòd devè ki gendwa aplike nan sitiyasyon pa w. Ou dwe pale avèk pwofesyonèl sante w la pou jwenn tout enfòmasyon ou bezwen sou sante w ak opsyon tretman ou genyen. Ou pa ta dwe itilize enfòmasyon sa yo pou deside si pou aksepte oswa si pou pa aksepte konsèy, enstriksyon oswa rekòmandasyon pwofesyonèl sante w la. Se sèl pwofesyonèl sante w la ki gen ase konesans ak fòmasyon pou ba w konsèy ki bon pou ou.



© 2021 UpToDate, Inc. and its affiliates and/or licensors. All Rights Reserved.